

Fòm Reklamasyon Enimere

Selon regleman ki pwopoze a, yo pral rezève yon fon komen pou bay moun ki te viv kèk sikonstans ki te lage yo nan gwo detrès emosyonèl yon endamnite anplis. Fòm sa a se pou moun ki se Manm Gwoup Regleman yo ki vle aplike pou endamnite anplis la lè yo konsidere faktè agravan yo te sibi nan kad pwosesis aplikasyon an nan Depatman Travo Piblik Brockton (Brockton DPW) ant 10 oktòb 2010 ak 18 desanm 2019.

Mwen konfime mwen pa blan.

Mwen konfime mwen te aplike pou yon pòs nan Brockton DPW ant 10 oktòb 2010 ak 18 desanm 2019.

Pandan peryòd sa a, mwen konfime mwen te sibi konpòtman malfezan ak konpòtman penib ki vini annapre yo ki gen rapò ak diskriminasyon ak/oswa vanjans.

Pi ba a gen kèk egzanp kalite konpòtman ou ka te sibi. Lis sa a pa genyen tout. Sa yo se sèlman kèk egzanp.

Yo te refize mwen apre mwen te fin fè yon entèvyou kote mwen santi fason yo te trete mwen an te gen pou wè ak koulè po mwen. Si se sa, dekri sa ki te ba ou enpresyon sa a.

Mwen te santi mwen dekouraje pou mwen depoze yon aplikasyon. Si se sa, dekri fason ou te dekouraje a.

Mwen te aplike men yo te refize mwen malgre mwen te gen eksperyans, nivo etid oswa lisans yo te afiche pou pòs la. (Si se sa, bay dat yo si ou konnen yo epi dekri eksperyans ou oswa nivo etid ou oswa kalifikasyon ou genyen pou pòs la.

Mwen te aplike men yo te refize mwen plis pase yon fwa. Si se sa, bay dat yo, si ou konnen yo, ak kalifikasyon ou genyen pou chak pòs.

Mwen te aplike men mwen pa t resevwa okenn repons pou aplikasyon mwen an, epi mwen kwè se akòz lefètke mwen te endike mwen pa blan.

Yo te retounen oswa refize aplikasyon mwen an paske li pa t konplè, epi mwen kwè se akòz lefètke mwen te endike mwen pa blan.

Eksperyans entèvyou mwen te fè a te ostil, li te degradan oswa imilyan nan yon fason oswa yon lòt. Si se sa, tanpri dekri li.

Mwen te resewa yon lèt refi ki di mwen "pa kalifye" malgre mwen te konnen mwen te kalifye, epi mwen kwè se akòz lefètke mwen te endike mwen pa blan.

Mwen te tandè fonksyonè yo oswa lòt moun ap di yo te ranje pwosesis pou mwen ka echwe. Si se sa, tanpri dekri li.

Sa mwen te panse ki te diskrimasyon rasyal la te afekte mwen yon lòt manyè. Si se sa, tanpri dekri li.

Mwen konfime mwen te sibi detrès emosyonèl oswa lòt domaj nan fason sa yo:

Pi ba a gen kèk egzanp kalite detrès emosyonèl ou ka te sibi oswa ki toujou ap fè ou soufri. Lis sa a pa genyen tout. Sa yo se sèlman kèk egzanp.

Mwen te pè pou yo pa t vanje kont mwen si mwen te pote plent.

Mwen pa t jwenn travay ki estab.

Yo te egzije mwen pou m pran yon djòb ki deyò vil la ki te mande pou mwen fè trajè long. Sa te afekte kalite lavi mwen.

Mwen te manke avantaj tankou swen sante ak retrèt depi dat aplikasyon an.

Detrès emosyonèl la te ban mwen pwoblèm sante, epi mwen te oblije al wè yon doktè.

Mwen vle pale ak yon ajan reklamasyon pou mwen bay plis enfòmasyon pou li ede mwen evalue reklamasyon mwen yo.

Deklarasyon sa yo mwen fè a se verite, anba sanksyon pou fo temwayaj:

Dat: _____, 2020

(Siyati)

Non Konplè

Adrès

Nimewo telefòn

Voye li pa imèl nan: BrocktonDPWSettlement
c/o RG2 Claims Administration LLC
P.O. Box 59479
Philadelphia, PA 19102-9479

Anvan **27 oktòb 2020**